

Lèt pou lafanmi

Chè elèv ak fanmi elèv la,

Gade nan nenpòt magazin oubyen jounal epi gen anpil posiblite pou w wè nonm ki ekri sou fòm pousantaj. Koute nenpòt pwogram espò, epi gen anpil posiblite pou w tande yo sèvi ak pousantaj pou rapòte estatistik. Gen pousantaj tout kote. Men kisa pousantaj ye ? Mo *pousantaj* la vle di *pou chak 100*, kifè yon pousantaj tankou 50% se menm kantite ak fraksyon $\frac{50}{100}$ (oubyen $\frac{1}{2}$), oubyen menm bagay ak desimal 0,50 (oubyen 0,5). Yo ka itilize fraksyon, desimal ak pousantaj youn pou lòt pou yo reprezante seksyon nan yon kantite oubyen tout yon kantite total nèt.

Anpil fwa, yo itilize mo *pousantaj* la pa rapò ak *pousantaj* kèk kantite. Pa egzanp, ou ka tande : « Se 73% sèlman nan moun ki anrejistre pou vote yo ki te vote nan dènye eleksyon an. » Kèlkeswa kantite a, 100% nan yon kantite vle di tout kantite a nèt, epi 50% toujou vle di lamwatye nan kantite a. Kantite yon sèten pousantaj ki reprezante chanje chak fwa gwosè kantite a chanje. Pa egzanp : 50% nan 10 chen se 5 chen, men 50% nan 100 chen se 50 chen.

Kisa w ka fè lakay ?

Gen nan lavi anpil aktivite sou fòm pousantaj ki rive ke ou ta ka vle egzamine ak elèv ou an pandan n ap etidye chapit sila a. Pa egzanp : ou ka mande pitit ou a ede w

- kalkile poubwa pou bay la lè w manje nan restoran,
- kalkile pri yon bagay ki gen 25% rabè sou li lè li nan likidasyon,
- fè konparezon ant atik ki gen pri diferan epi ki gen pousantaj rabè diferan sou pri nòmal la anvan ou achte nan magazen, epi
- konpare to enterè sou kat kredi.